

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Dèesain Panalungtikan


Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *dèskriptif*. Maksud anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta ngagambarkeun sarta milah-milah bagian, struktur jeung aspék psikologi sastra dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013 anu judulna *Kabungbulengan* karya H.D Bastaman, *Srie Sunarsasi* karya Enas Mabarti, jeung *Wira Pakucen* karya M.E Nata Sukarya.

Salian ti méthode, pamarekan ogè mangrupa salasahiji tatapakan anu digunakeun dina prakna ngaapresiasi hiji karya sastra (Aminudin, 2002, kc. 94). Dina panalungtikan sastra aya opat pamarekan anu diébréhkeun ku Abrams (Semi, 1989, kc. 43), nya éta pamarekan objéktip, mimétik, éksprésip, jeung pragmatik. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan objéktip. Ieu pamarekan diwatesanan ku cara nelaah kana karya sastrana. Hal anu aya di saluareun karya sastrana, teu jadi bahan tinimbangan. Ku kituna, ieu pamarekan leuwih jero nalaah sastra tina unsur instrinsikna anu ngawangun hiji karya sastra. Aya sababaraha léngkah dina ieu panalungtikan, nya éta: (a) maca novel, (b) nganalisis struktur novel, (c) nganalisis psikologi sastra, (d) ngolah data, (e) ngadéskripsikeun data, (e) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan





3.2 Sumber Data

3.2.1 Idèntitas Novel

Anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nya éta novel-novel Sunda medalan taun-2013, anu ditalungtik sacara struktural-psikologi sastra. Novel-novel anu kapaluruh nya éta: kahiji, judulna *Kabungbulengan* karya H.D Bastaman, dimedalkeun ku PT Dunia Pustaka Jaya Bandung, citakan kahiji taun 2013, warna coverna biru jeung bodas, gambarna awèwè anu keur nanggeuy gado, panjangna 21cm jeung lebarna 14,5 cm, kandelna aya 168 kaca, jeung regana Rp. 40.000. Kadua, judulna *Srie Sunarsasi* karya Enas Mabarti, penerbitna PT Kiblat Buku Utama Bandung, citakan kahiji oktober taun 2013, warna coverna kayas jeung hideung, gambarna awèwè anu keur mangku orok, panjangna 21cm jeung lebarna 14,5 cm, kandelna aya 145 kaca, jeung regana Rp. 40.000. Katilu, judulna *Wira Pakucen* karya M.E Nata Sukarya, dimedalkeun ku PT Kiblat buku utama

Bandung, citakan kahiji Agustus 2013, warna coverna konèng semu coklat aya gambar lalaki anu makè pakèan siga bangsawan bari mamakè iteuk jeung keur udud makè surutu, panjangna 21cm, jeung lebarna 14,5 cm, kandelna aya 146 kaca, regana Rp. 50.000. Kaopat, *Sabalakana* karya Dadan Sutisna, dimedalkeun ku PT Dunia Pustaka Jaya Bandung, citakan kahiji taun 2013. Coverna ngagambarkeun pamandangan alam nalika panonpoè meletek, jeung aya gambar awèwè anu keur nangtung, kandelna aya 342 kaca, jeung regana Rp. 75.000.

Tina opat novel di luhur ngan tilu novel anu ditalungtik nya éta novel *Kabungbulengan* karya H.D Bastaman, *Sriè Sunarsasi* karya Enas Mabarti, jeung *Wira Pakucen* karya M.E Nata Sukarya. Sabab novel *Sabalakana* karya Dadan Sutisna geus aya anu nalungtik. Sacara tematis tema dina tilu novel éta beda, eusina dianggap relevan ngawakilan kaayaan jaman kiwari, jeung miboga ma'na anu teleb.

Tina éta data ditangtukeun sakabéh téks anu ngarojong tur nuduhkeun bagian-bagian sarta struktur carita novel. Populasi nu ditangtukeun nya éta sakabéh data anu kapanggih dijadikeun sampel nya éta ngeunaan bagian-bagian, struktur jeung aspék psikologi sastra dina novel-novel Sunda anu medal taun-2013.

3.2.2 Ringkesan Novel

Aya tilu novel anu ditalungtik, diantaranya: novel *Kabungbulengan* karya H.D Bastaman, *Sriè Sunarsasi* karya Enas Mabarti, jeung *Wira Pakucen* karya M.E Nata Sukarya.

Sriè Sunarsasi nyaritakeun mahasiswi tingkat tilu jurusan Hubungan Internasional UGM anu dilamar ku dosèna, Profèsor Ahmad Ghazali, budak ngora anu nyongcolang jadi guru besar. Sriè geus terangeun yèn Ahmad Ghazali tèh boga kasakit anu umurna dipastikeun ngan tinggal sataun dua taun deui. Dijurung ku cinta anu agung tur suci jeung tèkad hayang jadi jelema anu “boga harti keur nu sèjèn”, Sriè narima éta panglamar.

Sabada ditinggalkeun maot ku salakina, Sriè ngarasa kaleungitan jalma anu bisa jadi gunung pananggeuhanana, hususna dina ngadidik anakna. Untung

aya mahasiswa sajurusanna, Ibrahim Musa anu bisa jadi batur pakumaha tur sakaligus bisa jadi tempat balabuh hatè jeung jiwa.

Novel *Wira Pakuncén* nyaritakeun tokoh Wira anu hayang pisan boga minantu ménak, Wira ngabedokeun panglamar kolotna Ahman, papancangan anakna. Padahal antara Ahman jeung Nyi Erum téh geus pakait pikir rék sapapait samamanis. Ceuk angkanana, bébésan jeung ménak mah tangtu bakal ngangkat darajat dirina satara jeung ménak. Tapi éta ambisi téh henteu kacumponan lantaran “pibésaneunana” henteu ngaluyuan anakna meunangkeun Nyi Erum, da lain babad téa, cenah.

Ari Ki Wira téh asalna jelema malarat, ngumbara ka Deli, sarta waktu balik deui ka lemburna jadi jelema beunghar. Ngan hanjakal robah adat jeung kalakuanana, ngarasa martabatna leuwih ti batur salemburna. Kalakuana geus ngalantarankeun anak jeung pamajikana, hilang mulang ka asal. Satuluyna Ki Wira jadi jelema nu sangsara tur ngalaman tunggara nu pohara gedéna. Dina sésa-sésa dirupna manéha jadi pakuncén di pamakaman Pasirkunci.

Sedengkeun *Kabungbulengan* nyaritakeun psikolog tengah tuwuh nu hasil ngaréngsékeun masalah rumah tangga pasénna, wanoja umur tilu puluh-taunan, ngaliwatan prosés psikoterapi. Sanggeus masalahna réngsé duanana kakara sadar yén diantara maranéhna tumuwuh cinta nu wening. Malah ahirna duanana bruk-brak ngébréhkeun rasa asih nu disidem dibuni-buni. Robahna émpati jadi simpati, surtina nu sahaté, panghayatan bogoh nyosok jero, tisolédat létah jeung “bahasa tubuh” ébréhna asih kapegung, kitu deui patelak batin jeung hayalan-hayalan nu kabungbulengan dicaritakeun sajalantrahna.

Sadar yén éta téh bakal nimbulkeun prahara kulawarga sarta mamala pikeun karir jeung kahormatan, duanana sapuk mareuman cinta nu salah larap, nanjeurkeun nalar, mageuhan profésionalisme jeung nguatan simpay kulawarga séwang-séwangan. Pangrojong teu langsung ti kulawarga jeung sepuh nu samasakali teu aruningaeun aya masalah kitu digambarkeun ngaliwatan obrolan plastis tur humoristis. Sanajan pasénna geus pindah misah benua tur mangtaun-taun teu tepung, tapi basa duanana kalawan teu disangka-sangka amprok di Éropah, galura cinta nu meh pareum nyaynyayan deui.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumèn Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun nganalisis struktural-psikologi sastra. Salasahiji pormat kartu datana saperti ieu di handap.

Bagan 3.2

Kartu Data

Cutatan (SS/taun/kaca)

Struktur Carita

1. Tema
2. Fakta Carita
 - a. Galur
 - b. Tokoh jeung penokohan
 - c. Latar
3. Sarana Sastra
 - a. Puseur implengan
 - b. Gaya basa

Psikologi Sastra

1. Emosional
2. Fungsi sekunder
3. Aktivitas

Tipe psikologi

1. Nerves
2. Choleris
3. Gapasionir
4. Sentimentil
5. Amorph
6. Flegmatis
7. Sanguinis
8. Apatis

Tabel 3.3
Kartu Data

<p>Cutatan (SS/2013/87)</p> <p>Struktur Carita</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Tema : sosial 2. Fakta Carita <ol style="list-style-type: none"> a. Galur : maju b. Tokoh jeung penokohan c. Latar 3. Sarana Sastra <ol style="list-style-type: none"> a. Puseur implengan b. Gaya basa <p>Psikologi Sastra</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Emosional 2. Fungsi sekunder 3. Aktivitas <p>Tipe psikologi</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Nerves 2. Choleris 3. Gapasionir 4. Sentimentil 5. Amorph 6. Flegmatis 7. Sanguinis 8. Apatis

Katerangan:

- SS : judul novel (Sriè Sunarsasi)
 WP : judul novel (Wira Pakuncèn)
 KB : judul novel (Kabungbulengan)

3.3.2 Tèhnik Ngumpulkeun Data

Tina ieu panalungtikan téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun téhnik studi pustaka ku cara macaan, nalaah, jeung neuleuman eusi sababaraha bahan bacaan, boh mangrupa buku, dokumén-dokumén, atawa sumber tinulis séjénna anu aya patalina jeung panalungtikan

Léngkah-léngkah ngumpulkeun datana, ngawengku:

- a. Maca novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- b. Nyirian struktur novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- c. Nyirian aspèk psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- d. Nyalin struktur novel jeung aspèk-aspèk psikologi sastra kana kartu data.

3.4 Analisis Data

Dina ieu panalungtikan ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung, pikeun ngaguar struktur novel jeung karakter tokoh anu nyangkaruk dina novel anu judulna *Kabungbulengan* karya H.D Bastaman, *Srie Sunarsasi* karya Enas Mabarti, jeung *Wira Pakucen* karya M.E Nata Sukarya. Léngkah-léngkahna nya éta:

- a. Macaan deui kartu data ngeunaan struktur carita novel jeung aspèk-aspèk psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- b. Nyieun papasingan data dumasar kana struktur carita novel jeung aspèk-aspèk psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- c. Nganalisis struktur carita novel jeung aspèk-aspèk psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- d. ngadeskripsikeun struktur carita novel jeung aspèk-aspèk psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- e. nafsirkeun struktur carita novel jeung aspèk-aspèk psikologi sastra tina novel-novel Sunda anu medal taun 2013;
- f. nyieun kacindekan.